# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

## Район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлери орайластырылған финанс-бухгалтерия хызметлериниң ҳәм арнаўлы қурылыс-эксплуатация ҳызметин басқарыў, техник ҳәм хызмет көрсетиўши хызметкерлериниң үлгили штатлары ҳәм базалық тариф ставкалары муғдарларын тастыйықлаў хаққында

Өзбекстан Республикасы Президентиниң «Ис-ҳақы, пенсиялар, стипендиялар ҳәм напақа төлемлери муғдарларын асырыў ҳаққында» 2021-жыл 17-августтағы ПҚ-6279-санлы қарары орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде ҳәмде 2021-жыл 21-сентябрьдеги Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң «Район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлери орайластырылған финанс-бухгалтерия хызметлериниң ҳәм арнаўлы қурылыс-эксплуатация хызметин басқарыў, техник ҳәм хызмет көрсетиўши хызметкерлериниң үлгили штатлары ҳәм базалық тариф ставкалары муғдарын тастыйықлаў хаққында»ғы 304-санлы буйрығын орынлаў мақсетинде

**БУЙЫРАМАН:**

1. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 21-сентябрьдеги 304-санлы буйрығы басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.
2. Район(қала)лық халық билимлендириў бөлимлери орайластырылған финанс-бухгалтерия хызметлериниң штатлары ҳәм базалық тариф ставкалары муғдарлары 1-қосымшаға муўапық тастыйықланғанлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.
3. Барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлими баслықларына:

- бир ҳәпте мүдетте район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлери орайластырылған финанс-бухгалтерия хызметлериниң ҳәм арнаўлы қурылыс-эксплуатация хызметин басқарыў, техник ҳәм хызмет көрсетиўши хызметкерлериниң үлгили штатлары кестелери ҳәм қурылыс-эксплуатация хызметлерин басқарыў, техник ҳәм хызмет көрсетиўши хызметкерлериниң штатлар кестесин Өзбекстан Республикасы Президентиниң «Ис-ҳақы, пенсиялар, стипендиялар ҳәм напақа төлемлери муғдарларын асырыў ҳаққында» 2021-жыл 17-августтағы ПП-6279-санлы Пәрманының талапларынанан келип шығып қайта ислеп шығылыўы, тастыйықланыўы ҳәмде орнатылған тәртипте дизимнен өткерилиўин шөлкемлестириў;

-еки ҳәпте мүддетте тийисли қаржы бөлимлери менен биргеликте хызметкерлердиң лаўазым ис хақылары асырылыўы мүнәсибети менен қосымша талаб етилетуғын қаржылардың ажыратылыўы тәмийинленсин.

4. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2018-жыл 1-майдағы 115-санлы буйрығы менен тастыйықланған район (қала)лық халық билимлендириў бөлими арнаўлы қурылыс-эксплуатация ҳызметлерин басқарыў, техник ҳәм хызмет көрсетиўши хызметкерлердиң штатлары ҳәм базалық тариф ставкалары муғдарлары ҳәмде бирден-бир тариф сеткасы бойынша тариф разрядларының 1-бәнти 2-қосымшаға муўапық тастыйықланғанлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

3. Усы буйрықтың қабыл етилиў мүнәсибети менен Карақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 2-февральдағы 25-санлы буйрығы өз күшин жоғалтқан деп табылсын.

5. Министрликтиң "Атқарыўшылық хызмети ҳам мүрәәжатлар менен ислесиў" бөлими (М.Есбосынов)не :

- усы буйрықты барлық халық билимлендириў бөлимине жеткериў ўазыйпасы тапсырылсын.

7. Усы буйрық Өзбекстан Республикасы Қаржы министрлиги ҳәмде Өзбекстан Республикасы Бәнтлик ҳәм мийнет қатнасықлары министрлиги менен келисилген.

8. Усы буйрықтын орынланыўын қадағалаўды өзиме қалдыраман.

9. Усы буйрық 2021-жыл 1-сентябрьден баслап күшке киреди.

**Тийкары:** Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 21-сентябрьдеги 304-санлы буйрығы.

**Министр орынбасары** **Ш.Таджимуратов**

Нөкис қаласы
2021-жыл «12» 10
№ 221